

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Jaman kiwari, kagiatan ngapalkeun geus mimiti ditinggalken ku para siswa. Éta hal disababkeun lantaran ngapalkeun dianggap kagiatan nu ngabosenkeun, méakeun waktu nu lila sarta teu ramah dina uteuk, (Fauzi, 2015). Pikeun ngungkulanana maké téknik sangkan siswa antusias dina kagiatan ngapalkeun.

Téknik *mnemonik* atawa sok disebut ku téknik talaran mangrupa téknik pangajaran anu nerapkeun stratégi ngapalkeun jeung ngasimulasikeun informasi. (Sudaryat, 2017, kc. 34). *Mnemonik* raket pisan patalina jeung ngapalkeun. Nurutkeun étimologi, kecap ngapalkeun mimitina tina basa Arab nu disebut *al-Hifdz* nu miboga harti ingetan. Ku kituna, kecap ngapalkeun sok dihartikeun nginget-nginget.

Upama ditilik tina sudut pandang Islam, téknik talaran atawa *mnemonik* mangrupa téknik anu penting pisan. Ieu téknik mangrupa dasar tina Pendidikan Islam. Kumaha cara siswa pikeun bisa maham, nganalisis sarta ngaaplikasikeun hiji élmu sacara téréh, éféktif jeung éfisién lamun euweuh hafalan élmu anu disimpen dina uteuk, ingetan jeung haténa. (Masduki, 2018, kc. 21) ku kituna, siswa bakal mampuh maham, nganalisis sarta ngaaplikasikeun hiji élmu ku cara ngabiasakeun pikeun ngapalkeun.

Sagédéngeun ti éta, *mnemonik* miboga sababaraha kaonjoyan, diantaranya ningkatkeun gawéna uteuk. Beuki loba talaran, beuki loba sél-sél otak nu mekar sarta silih pakait jadi hiji beungkeutan nu leuwih lega. Ku kituna, dampakna nyaéta uteuk/ingetan bakal leuwih kuat, teu babari poho jeung leuwih gancang inget atawa nyimpen informasi atawa élmu. (Fauzi, 2015).

Dina jaman milénial saperti ayeuna, basa Sunda kurang dipigandrung ku masarakat. Ieu hal luyu jeung nu dipedar ku Pramswari, (2014, kc. 202) nu nyebutkeun yén tina hasil panalungtikan, 6000 nepi 7000 basa étnis atawa basa daérah kaasup basa Sunda kaancam leungit. Nu jadi sabab dina éta hal nyaéta basa

Sunda geus jarang dipaké ku masarakat dina kahirupan sapopoéna. Kagiatan anu teu bisa lepas jeung kahirupan sapopoé nyaéta nyarita.

Nyarita mangrupa salah sahiji tina aspék kaparigelan dina makéna basa anu wangunna lisan. Kalungguhan nyarita aya di posisi ka dua sanggeus ngaregepkeun. Luyu jeung pamadegan Rivers (dina Iskandarwassid, 2004, kc. 156) nu nétélakeun yén umumna jalma dina ngagunakeun waktuna 45% pikeun ngaregepkeun, 30% pikeun nyarita, 16% pikeun maca jeung 9% pikeun nulis dina kagiatan sapopoéna. Nyarita bisa dijadikeun cara pikeun ngedalkeun naon nu aya dina kereteg haté, pikeun nepikeun gagasan, sarta nepikeun eusi pikiran. Ku kituna, nyarita mangrupa kaparigelan nu penting dina dunya atikan, sabab nyarita mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu bisa mantuan siswa dina prosés mikir.

Dina pangajaran basa Sunda, hususna di kelas VII tingkat SMP aya pangajaran anu sacara teu langsung ngajarkeun siswa sangkan diajar nyarita maké basa Sunda, nyaéta pangajaran paguneman. Luyu jeung Kompetensi Dasar pangajaran Paguneman anu eusina

“4.1 Menyusun dan mendemonstrasikan teks paguneman tentang menyapa, memperkenalkan diri, berpamitan, meminta izin, mengucapkan terimakasih, dan meminta maaf serta menanggapi dengan memperhatikan fungsi sosial, struktur teks dan aspek kebahasaan yang benar dan sesuai konteks.” (Dinas Pendidikan, 2017, kc.46).

Dina KD di luhur jelas pisan yén pangajaran Paguneman leuwih nekenkeun kana prakték siswa dina kamampuh nyarita ngagunakeun basa Sunda. Nurutkeun panalungtikan anu geus dilaksanakeun di salah sahiji SMP nu aya di Kota Bandung nyaéta SMP Negeri 14 Bandung. Panalungtikan dilaksanakeun ku cara wawancara ka guru Basa Sunda nu aya di éta sakola. Hasil wawancara nyebutkeun yén siswa masih kénéh kurang sarta can mampuh nyarita kalawan hadé hususna dina pangajaran paguneman. Ku kituna masih kénéh aya siswa anu nyangking peunteun goréng dina pangajaran paguneman.

Salah sahiji tarékah anu sok dipaké nalika di ajar nyaéta guru dipiharep maké model atawa téknik pangajaran nu variatif. Modél pangajaran mangrupa hiji rarancang pangajaran (*desain intricsional*) anu dipaké pikeun nangtukeun maksud

jeung tujuan unggal topik atawa poko bahasan (*goals topic and purpose*) (Kemp dina Rahman, 2016, kc. 1) kitu ogé jeung téknik, kudu luyu jeung matéri nu ditepikeun pikeun ngarojong siswa sangkan leuwih kairut jeung babari maham kana matéri nu keur ditepikeun. Guru ogé bisa maké média pangajaran sangkan leuwih maksimal nalika ngajéntrékeun naon-naon anu keur diajarkeun ka siswa. Ku kituna, sangkan kacipta tarékah nu leuwih hadé, dijieun hiji inovasi anu mangrupa diaplikasikeunna téknik *mnemonik* jeung média vidéo.

Dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta mangrupa téknik jeung média. Téknik mangrupa cara anu fungsina salaku alat pikeun ngahontal tujuan dina interaksi pangajaran di jero kelas (Surachmad dina Sudaryat, 2017, kc. 121). Ari Roestiyah (dina Sudaryat, 2017, kc. 121) nétélakeun yén téknik pikeun midangkeun pangajaran nyaéta hiji pangaweruh ngeunaan cara-cara ngajar anu dipaké ku guru, nu ngajar atawa instruktur. Téknik pikeun midangkeun pangajaran dikawasaan ku guru pikeun ngajar atawa nyiapkeun bahan pangajaran ka siswa di jero kelas sangkan éta pangajaran bisa katangkep, siswa bisa maham, sarta dipaké ku siswa ku cara bener. Salah sahiji téknik anu dipaké dina pangajaran nyaéta téknik *mnemonik*

Dina ieu panalungtikan, téknik *mnemonik* jeung vidéo anu mangrupa salah sahiji wangun média pangajaran. Vidéo mangrupa média audio visual. Média audio visual nyaéta média anu miboga unsur sora jeung unsur gambar anu bisa ditempo. (Wina dina Purwono, Yutmini, & Anitah, 2014, kc. 130). Ku kituna média pangajaran bisa jadi alternatip pikeun ngahudang minat siswa nalika diajar.

Pikeun ngungkulan sababaraha pasualan anu dijéntrékeun, ku kituna ieu panalungtikan ngolaborasikeun téknik *mnémonik* jeung vidéo pikeun bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa hususna dina pangajaran paguneman. Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan anu munggaran. Saacanna aya panalungtikan anu nalungtik ngeunaan téknik *mnemonik*. anu dilaksanakeun ku Ayu (2012), dina skripsi nu judulna “Efektivitas Penggunaan Teknik Mnemonik dalam Penguasaan Nomina Bahasa Jerman” dina ieu panalungtikan, panalungtik maké téknik *Mnemonik* pikeun ngaronjatkeun mampuh siswa dina ngawasa nomina basa Jérman, panalungtikan anu dipaké maké studi kuasi ékspérimén anu hasilna nunjukeun yén aya parobahan anu signifikan saméméh jeung sabada dibéré

treatment anu mangrupa téknik *mnemonik*. Dina ieu panalungtikan, téknik *mnemonik* mampuh ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngawasa nomina basa Jérman. Panalungtikan *mnemonik* ogé kungsi dilaksanakeun ku Prastya (2014) dina skripsi nu judulna “Penerapan Teknik Mnemonik dalam Pembelajaran IPS untuk Meningkatkan Kemampuan Menghafal Siswa dengan Kreatif”, dina panalungtikanna, téknik *mnemonik* mampuh ngaronjatkeun kamampuh talaran siswa dina pangajaran IPS. Ieu panlungtikan mangrupa *Penelitian Tindakan Kelas* (PTK), téknik *mnémonik* dipaké sakalu bantuan siswa pikeun ngapalkeun dina wangun lagu, tapi eusi dina lagu mangrupa matéri-matéri pangajaran IPS. Dina hasil panalungtikan, téknik *mnemonik* mampuh ngaronjatkeun talaran siswa dina ngapalkeun matéri-matéri IPS. Panalungtikan satuluyna ditalungtik ku Hasibuan (2016) dina thesis nu judulna “Penggunaan Metode Mnemonik dengan Teknik Linkword dalam Penguasaan Kosakata Dasar Bahasa Jepang”, dina ieu panalungtikan, panalungtik nyieun kebaruan nu mangrupa kolaborasi antara métode *mnemonik* jeung téknik *linkword*. ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan ékspérimén murni. Dina hasil panalungtikanna, métode *mnemonik* anu dikolaborasikeun jeung téknik *linkword* mampuh ngaronjatkeun kamampuh siswa di kelas ékspérimén dina ngawasaan kosa kecap dasar basa Jepang tibatan kelas kontrol anu teu dipakékeun *treatment*.

Bisa ditinggali yén panalungtikan-panalungtikan nu dipedar rélevan jeung panalungtikan nu rék di lasanakeun. Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacanna nyaéta tina matéri ajar jeung sumber anu rék ditalungtik. Dumasar tina hasil panalungtikan saacanna, téknik *mnemonik* mampuh ngahontal tujuan pangajaran nu ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan nu dijudulan “Téknik Mnemonik jeung Média Vidéo dina Pangajaran Paguneman (studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung Taun Ajar 2018/2019)” perlu pikeun dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan perlu diidentifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jéntré

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan anu dipedar di luhur, kapanggih aya sababaraha masalah anu perlu diidéntifikasi. Masalah anu kapaluruh ku panalungtik nyaéta

- a. kamampuh paguneman siswa rélatif kurang, ieu hal katémbong dina dina (a) fugsi sosial, siswa teu wanter nalika ngalakukeun paguneman di hareupeun kelas; (b) struktur téks, kosa kecap masih kénéh kurang, masih kénéh sok kamalayan (campur ku basa Indonesia); (c) aspék kabasaan, undak usuk basa teu pati apal sarta masih kénéh hésé nyusun kecap jadi kalimah; (e) topik, nangtukeun téma obrolan can puguh/teu fokus kana hiji téma.
- b. Téknik *mnemonik* jeung média vidéo dina pangajaran paguneman can kungsi aya panalungtikanna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pertanyaan, diantarana:

- a. Kumaha kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung saméméh ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo?
- b. Kumaha kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo
- c. Kumaha béda signifikansi kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung saméméh jeung sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus saluyu jeung anu dijéntrékeun ieu dihandap

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji téknik *mnemonik* jeung média vidéo pikeun ngaronjatkeun kamampuh paguneman siswa kelas VII A di SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2018-2019.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara khusus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2018-2019 saméméh ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo.
- kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2018-2019 sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo.
- béda anu signifikan antara kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2018-2019 saméméh jeung sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Dipiharep ieu panalungtikan bisa méré sumbangan tiori sarta informasi ngeunaan téknik *mnemonik* jeung média vidéo, sarta pikeun milih téknik pangajaran dina matéri paguneman hususna pikeun kamampuh paguneman siswa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat nu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan sacara praktis, diantarana:

- Pikeun siswa, ngaronjatkeun kamampuh nyarita maké basa Sunda sarta siswa leuwih mampuh nepikeun ide, gagasan sarta eusi pikiran dina wangun lisan sangkan leuwih kalatih ku dipakéna téknik *mnemonik* jeung média vidéo.
- Pikeun guru, méré gambaran pikeun mekarkeun pangaweruhna ngeunaan prosés diajar ngajar, hususna dina matéri paguneman maké téknik *mnemonik* jeung média vidéo.
- Pikeun sakola, ieu panalungtikan bisa jadi bahan pikeun pangajaran di sakola.
- Pikeun nu nalungtik, sanggeus ngalaksanakeun ieu panalungtikan, bisa dipikanyaho babandingan kamampuh murid nalika ngaragakeun paguneman saméméh jeung sabada maké téknik *mnemonik* jeung média vidéo.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I eusina ngeunaan bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori, nu ngawengku, tiori téknik pangajaran, tiori *mnemonik*, tiori média vidéo, tiori pangajaran paguneman jeung anggapan dasar.

Bab III eusina ngeunaan métodé panalungtikan, medar sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik nganalisis data.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pembahasan hasil panalungtikan, medar déskripsi, prak-prakan, jeung hasil data panalungtikan ngeunaan téknik *mnemonik* jeung média vidéo pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa

Bab V eusina ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.